**दिन–शनिवार** **दिनांक–01.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे एहि वर्षक केन्द्रीय बजटक उद्देश्य कृषि क्षेत्र के बेसी सँ बेसी सुगम आ समृद्ध बनायब अछि। श्री मोदी कृषि आ ग्रामीण समृद्धि पर बजट के बाद वेविनार के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे देश दू पैघ लक्ष्य – कृषि क्षेत्रक विकास आ गामक समृद्धि के संग लऽकऽ बढ़ि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे पीएम किसान सम्मान निधि योजना के अंतर्गत छओ वर्ष मे लगभग एगारह करोड़ किसान लोकनिक बैंक खाता मे पौने चारि लाख करोड़ टाका सँ बेसी के राशि पठाओल जा चुकल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे पोषण के लऽकऽ लोकसभक मध्य बढैत जागरूकता के कारण बागवानी, डेयरी आ मत्स्य पालन के क्षेत्र मे निवेश के बढ़ावा देल गेल अछि। ओतहि श्री मोदी कहलनि जे माछ पालन के अत्याधुनिक बनेबाक लेल सरकार वर्ष दू हजार उन्नैस मे पीएम मत्स्य संपदा योजना प्रारंभ कयने छल जकर सकारात्मक परिणाम देखल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार ग्रामीण अर्थव्यवस्था के समृद्ध बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे हुनक सरकार मे स्वयं सहायता समूह के माध्यम सँ एखन धरि एक करोड़ पच्चीस लाख सँ बेसी महिला लखपति दीदी बनि चुकल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार केन्द्रीय बजट मे पीएम धन–धान्य कृषि योजनाक घोषणा कयलक अछि। जकर अंतर्गत देश मे सभ सँ कम कृषि उत्पादकतावला सय जिलाक विकास पर विशेष ध्यान देल जायत।

---

सक्षमता परीक्षाक दोसर चरण मे उत्तीर्ण उनसठि हजार सँ बेसी नियोजित शिक्षक लोकनि के आइ विशिष्ठ शिक्षक के रूप मे नियुक्ति पत्र प्रदान कयल गेल। पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शिक्षक लोकनिक मध्य नियुक्ति पत्र वितरित कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हाक संग शिक्षा मंत्री सुनील कुमार सेहो उपस्थित छलाह। एम्हर, जिला मुख्यालय सभ मे आयोजित कार्यक्रम मे सेहो विशिष्ट शिक्षक लोकनि के नियुक्ति पत्र वितरित कयल गेल। विशिष्ट शिक्षक लोकनि मे पचपन हजार

आठ सय पैंतालीस प्रारंभिक शिक्षक, दू हजार पाँच सय बत्तीस माध्यमिक शिक्षक आ छओ सय एकावन उच्च माध्यमिक शिक्षक सम्मिलित छथि।

———————————————————————

एनडीए के संयुक्त कार्यकर्ता सम्मेलन आइ मधेपुरा मे आयोजित कयल गेल। सम्मेलन मे सभ पाँचो घटक दल–भाजपा, जदयू, लोक जनशक्ति पार्टी(रामविलास), हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा के प्रदेश अध्यक्ष सम्मिलित भेलाह। सम्मेलन मे वक्ता लोकनि एनडीए कार्यकर्ता लोकनि सँ एकजुट भऽकऽ समन्वय के संग अगिला बिहार विधानसभा चुनाव मे लोकसभक मध्य जयबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के हुनक चौहत्तरम जन्म दिवस पर बधाई देलनि अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे नीतीश कुमारक नेतृत्व मे बिहार विकासक नव पथ पर बढ़ल अछि। श्री मोदी हुनक स्वस्थ आ दीर्घायु जीवनक कामना कयलनि अछि। केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आ राज्यक उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा सहित विभिन्न राजनीतिक दल सभक नेता लोकनि सेहो श्री नीतीश कुमार के बधाई आ शुभाकामना देलनि अछि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ राजधानी पटना सहित लऽग पासक क्षेत्र सभ मे आइ भोरे तेज हवाक संग छिटपुट वर्षा भेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार वैशाली जिलाक राजा पाकर मे सभ सँ बेसी चारि दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा भेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, गोपालगंज, भागगपुर सहित कतेको जिला मे मेघ गरजबाक संगहि वर्षा हेबाक सेहो संभावना अछि। एहि दरमियान ठनका खसबाक आशंका जनाओल गेल अछि।

———————————————————————

रमजानक पावनि मास काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। फुलवारीशरीफ स्थित इमारत–ए–शरिया बिहार, ओडिसा, झारखंड एकर पुष्टि कयलक अछि। चाँद नहि दृष्टिगत हेबाक कारण आइ शबान के अंतिम तिथि अछि। काल्हि पहिल रोजा होयत। रमजान के लऽकऽ मस्जिद सभ मे तरावीह नमाजक लेल विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक फारबिसगंज स्थित बाजार समिति मे अपराधी सभ दू किराना दूकानदार के बंधक बनाकऽ बाईस लाख टाका लूटि लेलक। पुलिस सीसीटीवी फुटेजक आधार पर अपराधी सभक गिरफ्तारी के लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक उत्क्रमित मध्य विद्यालय रहिका टोला मे एक सूखल गाछल डारि एकाएक टूटि कऽ खसि गेला सँ एक बच्ची के मृत्यु भऽ गेल। जखनकि एक आन बच्ची गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल। घटना सँ आक्रोशित लोकसभ एनएच तीन सय सत्ताईस के जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————————

दरभंगा मे एक्कैस दिन सँ लापता युवक के इलाजक दरमियान मृत्यु सँ आक्रोशित लोक सभ विश्वविद्यालय थानाक पुलिस टीम पर हमला कऽ देलक। संगहि पुलिसक गाड़ी के क्षतिग्रस्त सेहो कऽ देलनि। लोकसभ सड़क पर टायर जरा कऽ पुलिसक विरूद्ध प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त